



Pwokirè Jeneral Eta
Nouyòk
Letitia James

Chè Konsomatè,

Konsomatè an mwayèn kounye a gen aksè a yon mache atravè lemond, ak konpetisyon feròs. Pafwa, li difisil pou konnen diferans ki genyen ant yon bon afè ak yon anak. Men kèk konsèy sou ki jan ou ka yon konsomatè entelijan.

Si ou rankontre nan pwoblèm, biwo nou an kapab ede. Biwo Fwod ak Pwoteksyon Konsomatè nou an ofri yon pwogram enfòmèl rezolisyon dispit pou plent kont yon komèsan oswa biznis. Anplis de sa, nou kenbe tras de plent ki depoze yo epi yo ka pran aksyon si gen yon modèl nan fwod konsomatè yo.

Sonje byen, si yon kontra sanble twò bon pou li vrè, li pwobableman pa yon bon kontra.

Sensèman,

Letitia James

Resous

Biwo Konsomatè Fwod
Consumer Assistance Unit
99 Washington Avenue
Albany, New York 12231-0001
(800) 697-1220

Sèvis Enpo
Consumer Frauds Bureau
Report scams or file a complaint.
(800) 771-7755
ag.ny.gov

Enspeksyon Jeneral
pou Administrasyon Fiskal
Report scams or identity theft.
ftc.gov
(877) 382-4357



Dis Konsèy Pou Ou Yon Konsomatè Ki

Proteje Lajan w ak Tèt ou



**Biwo Pwokirè Jeneral Eta
Nouyòk la, Biwo Konsomatè
Fwod**

Dis Konsèy Pou Ou Yon Konsomatè Ki

Yon Konsomatè ki Entèlajan gen Dout: Poze Kesyon; Fè devwa ou

1

Pa sede nan efò pou yo vann ou sou gwo presyon, sitou si li mare pye ou nan yon atik ki gen pri wo oswa angajman finansye alontèm. Pri lavant lan sèlman bon "kounye a" paske vandè yo pa vle ou panse sou si acha a bon pou ou.

2

Pa janm bay enfòmasyon pèsonèl, tankou kont bankè oswa nimewo Sekirite Sosyal, bay moun oswa òganizasyon ou pa konnen, epi pa menm klike sou yon imèl ki fè reklamasyon ke yo bezwen enfòmasyon sa a nan men ou.

3

Gen dout sou òf ki "gratis" oswa ki gen ba pri. Yo souvan mande pou pèman davans, ak rabè ki pran mwa pou w resevwa, oswa pri redwi yo mande pou ou enskri pou yon sèvis akò alontèm.

4

Enfòme sou vandè a. Si ou achte sou entènèt, asire w ke yon konpayi gen yon adrès ak nimewo telefòn ou ka verifye. Fè yon rechèch sou entènèt oswa tcheke avèk òganizasyon tankou Better Business Bureau and Consumer Reports pou wè si biznis yo ak pwodwi yo serye.

5

Toujou li atravè tout yon kontra, prensipalman sa ki enprime ak ti karaktè yo.

6

Jwenn estimasyon ekri sou travay pou kay ou; pran omwen twa si sa posib. Asire w ke nenpòt chanjman nan estimasyon an ekri tou.

7

Asire ou ke ou konnen si yon atik nouvo, itilize, oswa renove. Sèvi ak swen espesyal si w ap achte nan yon sit entènèt "lis sèvis" tankou Craigslist; achte lokalman si sa posib.

8

Mande pou règleman ranbousman ak garanti anvan ou achte. Konnen si yo pral ranplase oswa repare yon atik si li pa fonksyone epi si vandè a oswa manifakti a responsab.

9

Fè matematik la anvan ou achte yon "garanti pwolonje". Sa yo se atik a pwofi ki wo pou vandè yo paske yo raman benefisyé achtè a. Gen kèk kat kredi ki ofri pwoteksyon garanti pwolonje pou machandiz ki achte san okenn frè siplémentè.

10

Kenbe resi ak nenpòt lòt atik ki gen rapò ak acha a. Si w ap achte sou entènèt, telechaje resi yo ak deskripsyon pwodwi a. Kenbe dosye sa yo omwen pou osi lontan ke garanti atik la.

Pou pote yon plent oswa jwenn plis enfòmasyon:
Liy Dirèk Plent (800) 771-7755
Sou Entènèt **ag.ny.gov**
Ale nan "Resource Center" pou ranpli lis yo.